

# Èpès

Èpès se yon viris ki pwopaje pandan kontak po-a-po, pi souvan atravè sèks nan vajen, nan dèyè oswa nan bouch. Yon moun ki gen èpès nan bouch yo ka pase èpès nan bouch yon patnè lè l ap bo, oswa nan jenital yon patnè seksyèl pandan sèks nan bouch. Èpès trè komen nan Etazini. Ou ka pran èpès nan men yon patnè seksyèl ki gen èpès menm si li pa gen okenn maleng vizib.



Klinik Sante Seksyèl Vil New York yo bay sèvis konfidansyèl, ki pa koute chè oswa gratis ki gen ladan tès STI ak VIH.

Pou jwenn yon klinik, vizite [nyc.gov/health/clinics](https://nyc.gov/health/clinics).

# Èpès



## Sentòm yo

Anpil moun ki gen èpès pa gen sentòm. Lè sentòm yo prezante, yo gen ladan yo eripsyon anpoul ki fè mal oswa maleng ki fè kwout epi geri san mak. Anpoul oswa maleng yo ka kache nan jenital yo, rektòm (dèyè) oswa bouch.

Pandan yon premye eripsyon, ou ka soufri tou glann anfle, doulè nan misk, maltèt, lafyèv, ak doulè oswa difikilte pou pipi.

## Prevansyon

Kapòt ak pwoteksyon bouch ka anpeche transmisyon èpès, men se sèlman si yo kouvri zòn ki enfekte a. Evite fè bagay ak yon moun ki gen yon maleng èpès ki ouvè.

## Tès

Pwofesyonèl swen sante ou ka preleve oswa grate yon anpoul oswa maleng pou teste pou èpès. Pwofesyonèl swen sante kapab teste san tou pou èpès, men se pa yon pratik estanda.

## Tretman

Kèk medikaman kapab diminye dire eripsyon èpès yo, soulaje malèz epi redui chans transmisyon an. Medikaman chak jou disponib tou diminye frekans eripsyon yo. Pa gen okenn gerizon pou èpès.

## Patnè Seksyèl yo

Si yo dyagnostike w ak èpès, di patnè seksyèl aktyèl ou yo pou yo ka evalye yo pou èpès ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay (sexually transmitted infections, STIs) epi pou yo ka jwenn tretman apwopriye a.

## Èpès ak Gwosès

Èpès ka pase bay ti bebe w la, sitou pandan akouchman an. Èpès lakòz enfeksyon grav nan tibebe ki fenk fèt e ka koze domaj nan sèvo oswa lanmò. Èpès danjere pou ti bebe yo si paran ki ansent lan pran èpès ta nan gwosès la. Yo rekòmande yon sezaryèn si maleng èpès prezan pandan akouchman an. Di pwofesyonèl swen sante ou si oumenm oswa patnè ou gen èpès epi ou ansent. Ou ka pran medikaman pou diminye risk pou w gen yon iripsyon èpès bò lè akouchman an.